

Kontwòl sou Orijin Maladi Zanimò ak Idantifikasyon Ofisyèl pou Zanimò pou Peryòd 2024-2025 lan

Enfòmasyon Jeneral

- Li ilegal pou yo wete Etikèt Idantifikasyon Depatman Agrikilti Ozetazini (United States Department of Agriculture, USDA) yo. Se yon Idantifikasyon Ofisyèl pou Chak Zanimò, sepandan, yo ka ajoute yon etikèt idantifikasyon elektwonik 840 pou yon zanimò ki gen yon lòt fòm idantifikasyon.
- Yo rekòmande Sètifika Enspeksyon Veterinè (Certificate of Veterinary Inspection, CVI) Ofisyèl pou zanimò k ap patisipe nan ekspozisyon nan Massachusetts oswa k ap sot nan yon eta pou al nan yon lòt, sof zanimò ki gen etikèt pou al nan labatwa dirèkteman oswa k ap pase nan yon mache kote y ap vann zanimò anvan y al nan labatwa. Yo pi renmen resevwa Sètifika Enspeksyon Veterinè yo. Fòmilè Papyè Ofisyèl Sètifika Enspeksyon Veterinè yo disponib nan Depatman Resous Agrikòl nan Massachusetts pou jiskaske estòk aktyèl yo fini.
- Yo pa rekòmande tès pou zanimò k ap antre nan Massachusetts ki la sèlman* pou patisipe nan ekspozisyon yo. Yo ka anonse akò pou Sètifika Enspeksyon Veterinè (Certificate of Veterinary Inspection, CVI) konsènan zanimò k ap patisipe nan ekspozisyon yo ak cheval k ap patisipe nan kous nan Eta New England yo chak ane epi yo disponib nan règ sanitè pou zanimò yo pandan fwa ak ekspozisyon nan Massachusetts yo.

Bèf

Yo aplike rekòmandasyon nan sa ki gen pou wè ak idantifikasyon ofisyèl yo pou tout bèf ki pa gen okenn pwoblèm repwodiksyon ki gen 18 mwa oswa plis; pou tout femèl bèf ki la pou pwodui lèt yo, kèlkeswa laj yo genyen, ansanm ak tout towò bèf ki la pou pwodui lèt ki te fèt apre 11 Mas 2013; pou tout bèf kèlkeswa laj yo genyen, yo itilize pou konpetisyon wòdewo oswa pou evènman lwazi; ak pou tout bèf ki gen nenpòt laj yo itilize pou patisipe nan ekspozisyon oswa nan konkou yo. Moun k ap vann nan oswa mache a ka idantifye bèf pou labatwa ki gen mwens pase 18 mwa k ap deplase soti nan yon eta nan yon lòt pou ale dirèkteman nan labatwa oswa nan yon mache kote yo vann zanimò anvan yo ale nan labatwa ak yon etikèt nan do olye yo pote yon idantifikasyon ofisyèl.

Yo rekòmande Sètifika Enspeksyon Veterinè Ofisyèl pou zanimò k ap deplase sot nan yon eta al nan yon lòt, sof zanimò ki gen etikèt nan do pou al nan labatwa dirèkteman oswa k ap pase nan yon mache zanimò anvan y al nan labatwa. Yo pa rekòmande tès pou bèf k ap soti nan yon eta ki pa gen tibèkiloz ak Brisloz. Yo rekòmande yon pèmi pou tout bèf k ap antre nan eta a pou rete nèt. Konsènan Grip Lavyèb ki Vrèman Pisan (Highly Pathogenic Avian Influenza, HPAI): rekòmandasyon nan sa ki gen pou wè ak tès epi mouvman yo ap evoye aktyèlman. Asire w, ou respekte egzijans ki pi resan yo nan nivo etatik ak federal.

Mouton ak Kabrit

Yo dwe idantifye kabrit ak mouton nan Massachusetts yo anvan yo kite lokal kote yo te fèt la oswa anvan yo gen 18 mwa selon premye evantyalite a (Odonans Ijans nan Massachusetts AH-1 1996). Y ap epaye zanimò ki kite lokal kote yo te fèt la pou al nan labatwa dirèkteman yo. Yo rekòmande Sètifika Enspeksyon Veterinè pou tout zanimò k ap deplase soti nan yon eta pou al nan yon lòt, sof zanimò ki deplase pou ale nan labatwa dirèkteman yo oswa ki pase nan yon mache kote y ap vann zanimò anvan y ale nan labatwa.

Yo dwe fè tès tibèkoliz pou kabrit ak mouton ki vini pou rete nan Massachusetts nèt yo nan 60 jou, apre yo te antre nan eta a. Anplis, yo dwe fè tès tibèkiloz pou kabrit ki pa gen okenn pwoblèm repwodiksyon ki gen plis pase 6 mwa yo nan 30 jou apre yo te fin antre nan eta a.

Kochon

Pou deplasman soti nan yon eta al nan yon lòt yo, yo dwe idantifye kochon yo youn pa youn ak yon idantifikasyon ofisyèl, sof si yo kenbe kocho yo an gwoup epi yo deplase an gwoup pou y al nan labatwa dirèkteman pandan yo itilize yon idantifikasyon pou chak gwoup lo. Massachusetts pa gen okenn kochon ki anba akò gwoup pwodiksyon pou sante kochon. Yo rekòmande Sètifika Enspeksyon Veterinè pou tout zanimò k ap deplase soti nan yon eta pou al nan yon lòt, sof zanimò ki gen etikèt nan do k ap deplase pou al nan labatwa dirèkteman oswa k ap pase nan yon mache kote y ap vann zanimò anvan y ale nan labatwa.

Yo pa dwe bay kochon k ap antre nan Massachusetts yo manje dechè ki sot nan manje. Yo pa rekòmande pou sa ki soti nan eta ki pa genyen maladi raj yo (tout 50 eta yo aktyèlman) pou yo fè tès. Yo dwe fè tès brisloz pou kochon yo pral itilize pou fè repwodiksyon yo nan 30 jou apre yo fin antre nan eta Massachusetts la epi tès la dwe soti negatif. Yo rekòmande yon pèmi pou kochon ki toujou ap deplase pou vini nan Massachusetts yo, menmsi rezon an se pou fè rechèch. Tout kochon yo itilize kòm bèt domestik yo dwe respekte egzijans yo nan sa ki gen pou wè ak idantifikasyon epi dokimantasyon pou deplasman Massachusetts yo.

Ekide (Cheval ak tout lòt zanimò ki fè pati menm espès la)

Yo dwe idantifye cheval, milèt, ak bourik yo (san wete yon deskripsyon konplè sou zannimo a) epi yo dwe mache ak yon sètifika enspeksyon veterinè lè y ap deplase soti nan yon eta al nan yon lòt. Yo dwe fè yon tès ki fè konnen, zannimo ki gen plis pase 6 mwa yo pa gen Anemi Ekide akòz efeksyon (Equine Infectious Anemia, EIA), tès sa a dwe te fèt pandan ane ki sot pase a (sis (6) mwa pou cheval ki pral patisipe nan vant ozanchè oswa yon lòt fòm vant ki sanble ak sa). Yo dwe ekri tanperati ekide yo nan jou enspeksyon an nan sètifika enspeksyon an pou zannimo k ap antre nan Massachusetts yo.

Kamelide (Chamo ak tout lòt zannimo ki fè pati menm espès la)

Depatman Agrikòl Ozetazini an pa defini idantifikasyon endividyèl ofisyèl pou kamelide yo, men yo dwe idantifye zannimo yo ofisyèlman ak yon etikèt elektwonik, tatou, deskripsyon konplè oswa zanno pou lè y ap deplase soti nan yon eta pou ale nan yon lòt. Yo rekòmande yon Sètifika Enspeksyon Vetrinè pou deplasman soti nan yon eta al nan yon lòt. Li nesèsè pou yo fè yon tès tibèkoloj nan 60 jou apre yo fin antre ansanm ak yon tès brisloz epi lafyèv ble (si sa aplikab) nan 30 jou apre yo fin antre. Tout tès sa yo dwe negatif. Epi li nesèsè pou gen yon pèmi Depatman Resous Agrikòl nan Massachusetts (Massachusetts Department of Agricultural Resources, MADR) la pou sa k ap vini rete nèt nan Massachusetts yo.

Etikèt nan do

Etikèt nan do yo (etikèt papyè Depatman Resous Agrikòl nan Massachusetts enprime epi vandè a oswa mache a kole sou do zannimo a) ak zanno tanporè ki pa gen mak Etazini yo SE PA idantifikasyon ofisyèl yo ye, men yo itil pou jesyon ak idantifikasyon orijin epi yo ka prezante an menm tan ak etikèt idantifikasyon ofisyèl yo.

Kalite Idantifikasyon Ofisyèl yo

Etikèt Idantifikasyon atravè Radyo Frekans (840 etikèt)

Bèf, Kochon

Mouton, Kabrit lè yo konsève dosye pwogram kont latranblad yo

Yo ka itilize l pou kamelide yo kòm idantifikasyon endividyèl

- Apati 5 Novanm 2024 la, se sèl etikèt Idantifikasyon atravè Radyo Frekans ki ofisyèl pou Depatman Agrikilti Etazini an y ap ka mete sou bèf yo
- Seri 15 chif ki gen nimewo sèlman, ki koumanse ak kòd Etazini an "840"
- Kapab ajoute sou lòt fòm idantifikasyon Etikèt Sistèm Nasyonal Etikètaj yon sèl Fòm nan Zòrèy, (National Uniform Eartagging System, NUES) tatou, elatriye.
- De (2) Teknoloji: Frekans Ba (Low Frequency, LF) ak Frekans ki Wo Anpil (Ultra High Frequency, UHF). Yo itilize frekans ba yo anpil nan New England
- Kapab li ak yon lektè idantifikasyon atravè frekans / yon bagèt (li dwe konpatib ak teknoloji espesifik sa a) oswa ak je.
- Yo ka telechaje nimewo idantifikasyon atravè frekans yo sou Sètifika Enspeksyon Veterinè elektwonik yo atravè aplikasyon lektè etikèt yo.
- Yo rekòmande yon Nimewo Idantifikasyon Etablisman (Premises Identification Number, PIN) an Eta a bay pou kòmande Etikèt Idantifikasyon Atravè Radyo Frekans yo (pwodiktè a ap kontakte Depatman Resous Agrikòl nan Massachusetts pou l ka jwenn Nimewo Idantifikasyon Etablisman an gratis.)
- Pou kapab achte nan men yon founisè etikèt, nan men yon rejis ras oswa nan men yon òganizasyon endistriyèl.
- Kapab gen yon kantite etikèt limite gratis ki disponib pou veterinè ak pwodiktè ki kalifye selon Depatman Resous Agrikòl nan Massachusetts pou itilize sou bèf yo.

- Li rekòmande pou veterinè yo gen etikèt Idantifikasyon Atravè Radyo Frekans yo tou pre yo pou yo ka itilize



yo pandan y ap fè tès oswa ekri Sètifika Enspeksyon Veterinè yo

Etikèt Sistèm Nasyonal Etiketaj yon sèl Fòm nan Zòrèy, (National Uniform Eartagging System, NUES) yo

Kochon Bèf ki gen etikèt anvan 5 Novanm 2024 yo


- Etikèt an metal ki gen klips ak yon seri uit (8) oswa nèf (9) chif ak lèt ki koumanse ak yon kòd eta a ki gen 2 chif, kòd ki pou Massachusetts la se 14
- Disponib gratis nan Depatman Resous Agrikòl Massachusetts la



Tatou nan Zòrèy

Mouton, Kabrit, Kochon, Kamelide

- Se rejis ras la k ap bay nimewo tatou a epi y ap fè yon tatou nan zòrèy dwat ak goch zannimo a ak nimewo a selon enstriksyon yo
- Y ap sèlman konsidere kòm ofisyèl, dokiman anrejistremant ki nan non *pwopriyetè aktyèl* la oswa nan non ansyen pwopriyetè ki akonpaye l la, ak yon kopi demann transfè pwopriyete a ki la depi sis (6) mwa selon dat ki sou li a.
- Yon kopi dokiman anrejistremant an dwe akonpaye ak Sètifika Enspeksyon Veterinè a lè yo soumèt li bay Eta kote zannimo a prale a oswa prezante l pou yo fè enspeksyon sou li pandan yon ekspozisyon; yo dwe ajoute yon imaj dokiman anrejistremant yo kòm pyès ki akonpaye Sètifika Enspeksyon Veterinè elektwonik yo.
- Pa valide kòm idantifikasyon ofisyèl pou zannimo ki la pou ale nan labatwa yo



Etikèt kont Latranblad

Mouton ak Kabrit

- Pwogram Prevansyon kon Latranblad Pwogram Depatman Agrikòl Etazini an konsantre sou eliminasyon maladi ak obligasyon pou konsève yon seri rejis espesifik
- Yo itilize "etikèt kont latranblad" la kòm idantifikasyon endividyèl Depatman Agrikòl Etazini an
- Yo rekòmande yon nimewo idanfikasyon etablisman an (Premises Identification Number, PIN) pou bay oswa vann etikèt kont latranblad; ki disponib gratis nan Depatman Resous Agrikòl nan Massachusetts
- Pwogram prevansyon kont latranblad Depatman Agrikòl Etazini an dwe bay twoupo repwodiksyon yo yon nimewo twoupo.
 - Nouvo twoupo yo ka resevwa 100 etikèt gratis avèk nimewo Depatman Agrikòl Etazini sa a
- Yon kantite etikèt limite espesifik pou Eta a disponib gratis atravè Depatman Resous Agrikòl nan Massachusetts (pou ti pwodikèt, veterinè yo) oswa Depatman Agrikilti Etazini an (etikèt ki rezève pou Pwodiktè yo).
- Ti riminan yo idantifye ak etikèt an plastik yo (blanch) oswa an metal (jòn abriko oswa blan) ka deplase nan yon eta pou al nan yon lòt ak yon Sètifika Enspeksyon Veterinè oswa yo ka transfere yo nan yon lòt etablisman nan Massachusetts soti nan yon mache nan Massachusetts si yo soti nan yon etablisman nan Massachusetts



Idantifikasyon Endividyèl Ekide yo

Cheval Milèt Bourik

- Yo konsidere tatou sou bouch, tatou ak lank frèt ki asosye ak rejis yo, ansanm ak etikèt elektwonik yo, kòm yon seri idantifikasyon ofisyèl endividyèl pou cheve
- Asosyasyon moun ki fè Kous Etazini yo ak lòt òganizasyon yo itilize etikèt elektwonik tèmik ki bay yon lekti tanperati tou

- Yo ka itilize yon seri deskripsyon konplè ansanm ak koulè, mak, espiral, elatriye, epi foto cheval kòm idantifikasyon pou Sètifika Enspeksyon Veterinè yo oswa tèl Anemi Ekide ki bay enfeksyon (Coggings) yo



Idantifikasyon Endividyèl Kamelide yo

- Etikèt elektwonik yo se idantifikasyon endividyèl pou chamo amerik yo, alpakas, ak chamo arabi yo
- Pwopriyetè yo dwe kapab bay lektè etikèt elektwonik.
- Yo ka itilize etikèt nan zòrèy yo, ansanm ak Idantifikasyon Atravè Frekans Radyo yo, men Depatman Agrikòl Etazini an pa deziye okenn fòm idantifikasyon kòm "fòm ki ofisyèl pou kamelide yo itilize kòm zannimo domestik yo.

Lapen

- Yo aplike nimewo tatou rejis la bay yo epi yo mete yo sou zòrèy yo kòm yon idantifikasyon pou lapen yo pou Sètifika Enspeksyon Veterinè yo.
- Yo ka itilize yon ti etikèt elektwonik pou idantifikasyon lapen yo nan Massachusetts (verifye sa nan biwo ekspozisyon an si gen otorizasyon pou sa nan anvan ekspozisyon an).
- Pwopriyetè yo ka bay lektè pou ti etikèt elektwonik yo (oswa asire yo, yo disponib nan espas ekspozisyon an)

Sètifika Ofisyèl Enspeksyon Veterinè (Certificates of Veterinary Inspection, CVI) yo

- Massachusetts ap bay fòmilè Sètifika Enspeksyon Veterinè miltipati Massachusetts sètifye pou zannimo, espès ekide ak zannimo domestik yo jiskaske estòk aktyèl yo fini. Kontakte Elsie Colon nan elsie.colon@mass.gov
- Veterinè Massachusetts sètifye yo ka bay Sètifika Enspeksyon Veterinè Elektwonik yo atravè Global Vet Link, VetSentry epi (Rasyonalizasyon Pwosesis Sèvis Veterinè, VSPS) yo apati 1mmye Novanm 2024. Yo prevwa lòt otorizasyon anplis.
- Pa gen otorizasyon pou itilize fòmilè Sèvis Enspeksyon Sante Zannimo ak Plant (Animal and Plant Health Inspection Service, APHIS 7001 an pou enpòtasyon oswa ekspòtasyon k ap fèt nan Massachusetts

Pou kesyon konsènan Idantifikasyon Orijin Maladi Zanim (Animal Disease Traceability, ADT) yo, Nimewo Idantifikasyon Ekplwatasyon (Animal Disease Traceability, PIN) yo oswa pou kòmande yon seri etikèt idantifikasyon ofisyèl:

Carry Shulock Sexton
Kowòdonatè Idantifikasyon Orijin
Maladi Zannimo Divizyon Sante

Zannimo yo 617-857-3922
carry.shulock-sexton@mass.gov

Mizajou nan dat 1mye Novanm 2024